



APLIKASYON POU JENN MOUN

TOUT ENFÒMASYON OU BAY YO AP RETE KONFIDANSYÈL EPI AJANS SA A AP ITILIZE YO SÈLMAN JAN LI PRESIZE NAN POLITIK KONFIDANSYALITE NOU AN (gade nan dènye paj la). TANPRI REPONN TOUT KESYON YO NAN MEYÈ FASON OU KAPAB POU PÈMÈT NOU SATISFÈ BEZWEN FANMI OU PI BYEN.
BIG BROTHERS BIG SISTERS OF MIAMI BAY SÈVIS LI YO NAN YON FASON KI PA FÈ DISKRIMINASYON.

Pou Pèsonèl la Sèlman Itilize
BIS CB STW GEM

Tanpri chwazi pwogram (yo) ou enterese fè timoun ou an enskri ladan an:

- **PWOGRAM ANKADREMAN** (tcheke preferans ou): Òganizasyon Kominotè Lekòl pou Travay Bigs in Schools
- **ANGAJMAN AN GWOUP ak ANKADREMAN (GROUP ENGAGEMENT and MENTORING, GEM)**
(tcheke tout sa ki aplike yo): Domèn Atistik Preparasyon pou Invèsite ak pou Karyè Pwofesyonèl
- Aprantisaj Nimerik Alfabetizasyon Finansye Fòm fizik/Espò Konpetans pou Lidèchip Konpetans Fondamantal Lavi
 Muzik Lokal(yo) Andeyò Lekòl la Eksplorasyon Lekti Disiplin Lasyans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM)/Wobotik
 Leson patikilye Lòt

ENFÒMASYON SOU JENN MOUN NAN

Non Legal Okonplè (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi):

Adrès Kay:

Vil:	Eta:	Kòd Postal:
Telefòn Selilè:	Telefòn Kay:	
Otorizasyon pou voye tèks bay jenn moun nan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		

Imèl:

Dat Nesans (MM/JJ/AAAA):	Laj:	Nimewo ID Elèv la (<i>obligatwa</i>):
Lekòl:	Klas:	Manje midi Gratis/nan Pri redwi: <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Lang yo plis pale nan kay la?	<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Kreyòl <input type="checkbox"/> Lòt _____	

Kijan ou te fè tande pale de Big Brothers Big Sisters? _____

Èske jenn lan te annafè ak Sistèm Jistis pou Minè déjà? Wi Non

Èske okenn paran/gadyen oswa frè/sè te janm al nan prizon oswa yo nan prizon aktyèlman la? Wi Non

SÈVIS MILITÈ: Èske jenn sa a gen yon paran (yo) kounye a ki enskri oswa ki retrete nan lame Amerikèn lan?

Wi Non

Ki sèks ki sou batistè oriinal la? Gason Fi
Ki sèks jenn lan idantifye tèt li? Gason Fi Transekpsyèl Lòt: _____ Mwen pito pa reponn

Ki oryantasyon seksyèl jenn lan dekri tèt li: Etewoseksyèl Biseksyèl Omoseksyèl Lòt: _____

GWOUP ETNIK/NASYONALITE (tcheke youn ki aplike pou jenn nan)

<input type="checkbox"/> Amerendyen/Otoktòn <input type="checkbox"/> Azyatik Alaska <input type="checkbox"/> Nwa (Ki pa Ispanik) <i>chwazi youn anba a:</i> <ul style="list-style-type: none"> ■ Afriken ■ Afro-Ameriken ■ Ayisyen ■ Bahameyen ■ Jamayiken ■ Lòt _____ 	<input type="checkbox"/> Ispanik (tanpri chwazi youn anba a): <ul style="list-style-type: none"> ■ Kibon ■ Kolonbyen ■ Nikaragwéyen ■ Pòtoriken ■ Salvadoryen ■ Lòt <input type="checkbox"/> Amerendyen <input type="checkbox"/> Otoktòn Awayi/Moun Zile Pasifik: <input type="checkbox"/> Blan (Ki pa Ispanik) <input type="checkbox"/> Plizyè ras: <input type="checkbox"/> Lòt: _____
--	--

KONTAK NAN KA IJANS

Non: _____	Ki Relasyon w ak Jenn nan? _____
Nimewo Telefòn: _____	Imèl: _____

ENFÒMASYON PARAN/GADYEN LEGAL

Non Legal Okonplè (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi):

Telefòn Selilè: _____	Telefòn Kay: _____
Otorizasyon pou voye tèks? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Telefòn Travay: _____

Adrès Imèl Prensipal:

Ki relasyon w ak jenn nan?

Tanpri chwazi kategori ki pi byen dekri fwaye w la:

- Kay ak De Paran Kay ak De Paran – Pa Marye Kay ak De Paran – De Manman
- Kay ak De Paran – De Papa Kay ak Yon Sèl Paran – Manman Kay ak Yon Sèl Paran – Papa
- Granparan se Sè/Frè ki Gadyen ou Lòt Fanmi Kay an Gwoup Fanmi Dakèy Enstitisyon Lòt/Ou pa Konnen

REVNI FWAYE A: (pou objektif estatistik sèlman) mwens pase \$10,000 \$10,000-\$19,999 \$24,999-20,000

25,000-\$29,999 30,000-34,999 35,000-39,999 40,000-49,999 50,000-59,999 Plis pase \$60,000

Èske gen okenn lòt moun apa ou menm ak jenn nan k ap viv nan kay ou? Wi* Non

*Si se wi, tanpri bay detay anba a:

Non:	Laj:	Relasyon:

ARANJMAN POU RESPONSABLITE LEGAL (PARAN ABSAN (YO) SI SA APLIKAB)

Èske se ou menm ki responsab Wi Non
legal jenn sa a?

Èske gen yon moun ki pataje responsablite legal la? Wi Non

Si se wi, èske li okouran epi li anfavè enskripsiyon jenn lan nan pwogram BBBS la? Wi Non

Non moun ki pataje/gen responsablite legal la: _____ Nimewo

Telefòn:_____ Imèl:_____ Èske gen nenpòt nan paran yo ki
gen nenpòt istwa anprizonman, arestasyon, depòtasyon? Wi Non

Èske moun sa a gen kontak ak jenn nan? Wi Non Si se wi, konbyen fwa? _____

Ki kote moun sa a abite? _____

ENFÒMASYON MEDIKAL

Non Doktè a:		Nimewo Telefòn:	
Adrès:	Vil:	Eta:	Kòd Postal:
Plan Asirans:	Nimewo Asirans:	Nimewo Telefòn:	
Alèji: _____		Medikaman: _____	

Lòt enfòmasyon medikal enpòtan:

ENFÒMASYON SOU BEZWEN JENN NAN

Tanpri sonje: Nou p ap itilize enfòmasyon nou mande anba a pou fè diskriminasyon kont timoun ou an nan okenn fason, men enfòmasyon yo pral pèmèt nou sèvi fanmi ou pi byen. Aleksepsyon sikorans ki ra, nou p ap itilize enfòmasyon sa yo pou nou pran yon desizyon sou kalifikasyon. Sizoka nou pa kapab founi sèvis yo, Ajans lan ap ede w jwenn lòt sèvis nan lòt kote.

Tcheke tout sa ki aplikab: Andikap Developmantal Andikap Emosyonèl/Konpòtmantal Pwoblèm pou Tande
 Difilikte pou Aprann Andikap Fizik Pwoblèm pou Wè Lòt (presize _____)

Jenn nan bezwen èd pou travay byen nan domèn eskolè sa yo: (Tanpri chwazi yon domèn eskolè) ■ Lekti/

Lang Matematik Syans

■ Prezans Lekòl Kondwit/Konpòtman nan lekòl

Bwat 1	FÈ LIS MEDIKAMAN YO, METE MEDIKAMAN YO VANN SAN PRESKRIPSYON YO TOU											
<p>Tcheke tout sa ki koresponn epi ranpli tout enfòmasyon yo.</p> <p><input checked="" type="checkbox"/> Medikaman ak Preskripsyon <input type="checkbox"/> Medikaman san Preskripsyon <input type="checkbox"/> Siplemen Alimantè</p> <p><input checked="" type="checkbox"/> Pwodwi oswa Krèm pou Po <input type="checkbox"/> Dwe Konsève nan Frijidè <input type="checkbox"/> Rejim Alimantè Modifye</p> <table border="1"> <tr> <td>Non Timoun nan</td> <td>Dat Nesans</td> <td>Pwa</td> </tr> <tr> <td>Non Medikaman (yo)</td> <td colspan="2">Dòz Egzat</td> </tr> <tr> <td>Yo dwe ba li yo nan lè sa yo</td> <td colspan="2">Pandan peryòd tan sa</td> </tr> </table> <p><input type="checkbox"/> <i>Mwen konprann timoun mwen an dwe kapab bay tèt li medikaman an. Anplwaye BBBs of Miami yo pa responsab pou yo bay okenn timoun nan pwogram lan medikaman.</i></p>				Non Timoun nan	Dat Nesans	Pwa	Non Medikaman (yo)	Dòz Egzat		Yo dwe ba li yo nan lè sa yo	Pandan peryòd tan sa	
Non Timoun nan	Dat Nesans	Pwa										
Non Medikaman (yo)	Dòz Egzat											
Yo dwe ba li yo nan lè sa yo	Pandan peryòd tan sa											
Siyati Paran/Gadyen	Dat											
Bwat 2	KONTAK/MOUN YO OTORIZE POU VIN CHÈCHE TIMOUN NAN LÈ GEN IJANS: (KI PA PARAN YO OSWA GADYEN LEGAL LA)											
<p>Paran/gadyen an dwe ranpli seksyon sa a konsènan moun ki gen otorizasyon, ak moun ki pa gen otorizasyon pou vin chèche timoun nan.</p> <p>Moun yo Otorize:</p> <table border="1"> <tr> <td>Non/ Relasyon</td> <td>Nimewo Telefòn</td> </tr> <tr> <td>Non/ Relasyon</td> <td>Nimewo Telefòn</td> </tr> </table> <p>Moun yo Pa Otorize:</p> <table border="1"> <tr> <td>Non/ Relasyon</td> <td>Nimewo Telefòn</td> </tr> <tr> <td>Non/ Relasyon</td> <td>Nimewo Telefòn</td> </tr> </table>				Non/ Relasyon	Nimewo Telefòn	Non/ Relasyon	Nimewo Telefòn	Non/ Relasyon	Nimewo Telefòn	Non/ Relasyon	Nimewo Telefòn	
Non/ Relasyon	Nimewo Telefòn											
Non/ Relasyon	Nimewo Telefòn											
Non/ Relasyon	Nimewo Telefòn											
Non/ Relasyon	Nimewo Telefòn											
Bwat 3	PWOSEDI POU OTORIZASYON ESPESYAL YO											
Eske timoun ou an gen otorizasyon pou li mache ale lakay li lè pwogram lan fini chak jou?		Nan jou gen lapli, nan move tan, kijan timoun ou an prale lakay li? (Ou gen dwa chwazi plis pase yon sèl repons.)										
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON		<input type="checkbox"/> Mache (si kondisyon tan an san danje) <input type="checkbox"/> Vin chèche (dwe gen otorizasyon)										
<p>Siyati Paran/Gadyen:</p>												

AKÒ PARAN/GADYEN AN

TANPRI LI EPI SIYEN CHAK SEKSYON

Sètifikasyon: Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen bay nan fòm aplikasyon sa a se laverite, yo kòrèk epi yo konplè dapre sa mwen konnen byen.

Inisyal: _____

KONSANTMAN POU SÈVIS

Ak dokiman sa, mwen mande pou Big Brothers Big Sisters of Miami, Inc., yon soyete san bi likratif nan Florid, mete sèvis BIG BROTHERS BIG SISTER OF MIAMI yo aladispozisyon timoun mwen an, epi, si sa posib, deziyen yon volontè pou li. Mwen bay konsantman m pou mwen menm ak timoun mwen an patisipe nan tout sèvis egzamen ak evalyasyon yo, pou kolabore ak ede nan planifikasyon tout aktivite yo, epi pou resevwa tout sèvis pou timoun mwen an jan Big Brothers Big Sisters of Miami ("Ajans" lan) jije li nesesè. Ak dokiman sa a, mwen konnen mwen bay otorizasyon pou pèsonèl Ajans lan fè entèvyou ak timoun mwen an nan lekòl la. Mwen bay konsantman pou timoun mwen an patisipe nan aktivite Ajans lan patwone yo pandan li sou lis datant lan oswa pandan li matche ak yon Big Brother oswa Big Sister. Mwen bay konsantman pou Ajans lan founi sèvis transpò ale retou pou timoun mwen an nan nenpòt aktivite Ajans lan patwone, ki gen ladan tout aktivite Group Ankandreman yo patwone. Mwen bay konsantman pou timoun mwen an ranpli yon kesyonè ki gen kesyon sou lekòl, lavi lakay, ak enterè pèsonèl li. Ak dokiman sa mwen konnen mwen retire responsabilite sou Ajans lan ak reprezantan li yo, moun li bay manda ak moun li deziyen, pou nenpòt domaj timoun mwen an oswa mwen menm sibi akòz patisipasyon timoun mwen an oubyen mwen menm nan nenpòt aktivite Ajans lan patwone oswa pandan transpò nan aktivite yo. Otorizasyon sa a ap anvigè epi l ap kontinye anvigè, nan limit lalwa otorize, depi nan dat otorizasyon sa a jouk lè paran/gadyen an anile otorizasyon an avèk yon nòt alekri, oswa jouk yo egzekite Siksesè Otorizasyon, Ajans lan bay. Mwen konprann pandan timoun mwen an sou lis datant lan, men li pokò matche, yo entèdi volontè yo nan Ajans lan rele timoun mwen an oswa reyini an prive avèk li. Si mwen konnen yon volontè te kontakte oswa te eseye rankontre avèk timoun mwen an, mwen dakò pou mwen enfòme Ajans lan touswit. Mwen te li epi mwen konprann sa ki nan Konsantman pou Sèvis yo.

Siyati X: _____ Dat: _____

DIVILGASYON TALAN JENN

Mwen menm, _____, mwen dakò otorize Big Brothers Big Sisters of Miami ("Ajans" lan) pran, itilize, divilge (piblibye) oswa repwodwi non (non timoun lan) minè mwen an _____, imaj, vwa li oswa nenpòt lòt enfòmasyon ki idantifye timoun minè mwen an, kit se ak foto, video, kasèt odyo, fim oswa pa nenpòt lòt mwayen pou nenpòt objektif k ap fè vanse misyon ak objektif Ajans lan. Anplis mwen dakò pou mwen pèmèt Ajans lan otorize nenpòt reprezantan, mandatè, moun li nonmen, siksesè, afilye oswa antite ki gen rapò ak li, pran, itilize, divilge oswa repwodwi non (non timoun lan) minè mwen an _____, imaj, vwa oswa nenpòt lòt enfòmasyon ki idantifye timoun minè mwen an, kit se ak foto, video, kasèt odyo, fim oswa pa nenpòt lòt mwayen pou nenpòt objektif k ap fè vanse misyon ak objektif Ajans lan. Mwen klèman libere ak retire responsabilite sou Ajans lan, nenpòt reprezantan, mandatè, moun li nonmen, siksesè, afilye oswa antite ki gen rapò ak li, pou nenpòt ak tout reklamasyon, kòz aksyon oswa responsabilite ki vin genyen oswa ki gen rapò nan nenpòt fason ak pran, itilize, divilge oswa repwodwi non timoun minè mwen an, imaj, vwa li oswa nenpòt lòt enfòmasyon ki idantifye timoun minè a. Otorizasyon sa a ap anvigè epi l ap kontinye rete anvigè, nan limit lalwa otorize, depi nan dat otorizasyon sa a jouk lè paran/gadyen an anile otorizasyon an avèk yon nòt alekri, oswa jouk yo egzekite Siksesè Otorizasyon, ajans lan bay. **Remak pou Volontè yo ak Paran yo:** Lè w siyen Divilgasyon Talan sa a, sa pa vle di non timoun minè ou an, imaj li oswa vwa li ap parèt nan okenn foto, video, repòtaj, atik publisite, oswa lòt kote tankou sa yo. Men, piske medya yo kouvari kèk evènman BBBS ap fè yo oswa yo anrejistre osinon filme sou video, nou dwe fè tout volontè ak paran yo siyen otorizasyon divilgasyon sa a pou pwoteksyon yo ak pwoteksyon pa nou.

Siyati X: _____ Dat: _____

OTORIZASYON POU FÈ ECHANJ ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL

Ak dokiman sa, mwen, _____, otorize Doktè/ Mesye, Madam _____
Paran/Gadyen Legal (Ekri Non an ak lèt detache)

Nimewo Telefòn: _____ ki sitiye nan: _____
(Non Ajans lan/ Adrès/ Kòd postal)

Kominike nenpòt ak tout enfòmasyon ki gen rapò ak timoun lan _____
Bay Big Brothers Big Sisters of Miami, ladan yo enfòmasyon sikiyatrik, sikolojik, eskolè, medikal ak/oswa sosyal.

Siyati X: _____ Dat: _____

POLITIK KONFIDANSYALITE POU PARAN/GADYEN AN LI AK SIYEN

Aksè nan Dosye Konfidansyalite yo

Pou big brothers of Miami, Inc. ("Ajans" lan) kapab founi yon sèvis responsab ak pwofesyonèl ba kliyan yo, li nesesè pou volontè, kliyan ak paran oswa gadyen yo kominike yon pakèt enfòmasyon pèsònèl sou tèt yo ak sou fanmi yo. Ajans lan respekte konfidansyalite kliyan ak volontè yo, aleksepsyon sitiayyon yo ki endike anba a, li kominike enfòmasyon sou kliyan ak volontè li yo ant pèsònèl ajans lan sèlman. Tout dosye yo se pwopriete ajans lan, epi yo pa pwopriete travayè oswa kliyan osinon volontè ajans lan yo menm. Pou founi yon sèvis ki nan meyè enterè timoun yo pwogram nan sèvi a, yo dwe evalye enfòmasyon ki soti nan sous deyò, ladan yo referans konfidansyalite yo, ansam ak enfòmasyon yo pran nan men kliyan yo oswa volontè yo yo menm. Dosye yo pa disponib pou kliyan yo oswa volontè yo egzamine.

Limit Konfidansyalite

1. Y ap kominike enfòmasyon bay lòt moun oswa òganizasyon sèlman lè yo prezante yon fòm otorize "Konsantman pou Divilgasyon Enfòmasyon" ke (i) paran/gadyen kliyan an lè enfòmasyon yo mande a gen rapò ak kliyan an, oswa (ii) volontè a lè enfòmasyon yo mande a gen rapò ak volontè a, te siyen kòmsadwa.
 2. Pou fè evalyasyon, odit, oswa akreditasyon pwogram lan, epi avèk apwobasyon Konsèy Administrasyon an te bay alavans, sèten òganizasyon andeyò Ajans lan, tankou Big Brothers Big Sisters of America, ka jwenn aksè nan dosye kliyan ak volontè yo. Òganizasyon andeyò sa yo dwe respekte Politik Konfidansyalite Ajans lan. Òganizasyon andeyò yo dwe itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou objektif (yo) ki gen apwobasyon Konsèy Administrasyon an. Y ap rapòte vyolasyon Politik Konfidansyalite Ajans lan bay sipèviziè moun ki konsène a, oswa bay Direktè Jeneral la, epi yo dwe pran mezi disiplinè ki apwopriye.
 3. Manm Konsèy Administrasyon an gen aksè nan dosye kliyan yo pou plizyè rezon, ki gen ladan (i) evalyasyon pwogram, odit ak planifikasyon ka, (ii) nan sikontans ki afekte Ajans lan nan fason negatif pou evalye enpak ak repons Ajans lan, ak (iii) daprè desizyon Komite Egzekitif Konsèy Administrasyon an ak/oswa dapre desizyon Ekip Jesyon Ajans lan.
 4. Yo dwe founi enfòmasyon bay (i) konsèy legal Ajans lan oswa nenpòt konsèy ajans lan chwazi ak/oswa bay (ii) konpayi aspirans Ajans lan, sizoka gen litij oswa posiblite litij oswa daprè desizyon Direktè Jeneral la oswa Komite Egzekitif Komisyon Konsèy Administrasyon an pou nenpòt zafè ki konsène Ajans lan. Enfòmasyon yo bay konsèy legal la se enfòmasyon privilejye, epi lalwa pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sa yo.
 5. Enfòmasyon yo dwe transmèt sèlman bay otorite ki fè respekte lalwa oswa tribinal yo daprè yon manda ki valab ak aplikab.
 6. Nan moman yo konsidere yon timoun oswa yon volontè kòm yon kandida ki matche, y ap pataje enfòmasyon yo ant pati potansyèl ki matche yo. Enfòmasyon ki konsène volontè a ka gen ladan bagay tankou: laj, sèks, ras, reliyon, enterè, pastan, maryaj/sitiyasyon fanmi, oryantasyon seksyèl, kondisyon lavi, elatriye. Enfòmasyon sou timoun nan ka gen ladan bagay tankou: laj, sèks, ras, reliyon, enterè, pastan, sitiayson fanmi, elatriye.
 7. Lwa Eta a egzije pou rapòte bay Depatman Timoun ak Fanmi Florid la abi yo sisplèk ki fèt sou timoun. Travayè Ajans lan dwe respekte pwosedi obligatwa yo.
 8. Si yon travayè Ajans lan resevwa enfòmasyon ki endike yon kliyan oswa yon volontè ka reprezante yon danje pou tèt li oswa pou lòt moun, yo ka pran mezi ki nesesè pou pwoteje pati ki konsène a. Sa ka gen ladan yon referans medikal oswa yon rapò bay otorite lapolis lokal yo.
- Mwen te li epi mwen konprann dokiman ki anwo a ki endike politik ajans lan genyen anrapò ak konfidansyalite dosye kliyan ak volontè yo. Mwen dakò patisipe nan pwogram lan dapre kondisyon yo ki presize ladan nan.**

X

Siyati Paran/gadyen legal la

Dat



Lekòl Piblik Konte Miami-Dade

Otorizasyon pou Kominike Dosye ak/oswa Enfòmasyon ki nan Dosye yo

Non Elèv la: _____ DAT NESANS: _____

Dosye y ap kominike yo: [Tanpri tcheke eleman ki apwopriye (yo)].

Sikolojik

Nòt nan
Egzamen

Enfòmasyon sou prezans

Nòt/Mwayèn

Dosye Sante/ Medikal

Lòt (Presize) _____

Yo pral kominike dosye (yo) ki endike anwo a bay:

Ajans Big Brothers Big Sisters of Miami Moun pou kontakte Direktè Asirans Kalite

Adrès 550 NW 42nd Avenue, Miami Florida 33126

Rezon pou komunikasyon sa a se: Egzijans Rapò ak Sibvansyon

Ak dokiman sa a, mwen bay otorizasyon pou yo kominike dosye (yo) ki endike anwo a, epi
divilgasyon sa a ap anvigè jiska _____ (Dat).

Siyati Paran an oswa Elèv ki Kalifye a (Dat)

Lekòl/Ajans k ap Kominike/Ki mande Dosye yo Siyati Pèsonèl Otorize a

Tit (Dat)

Lekòl Piblik Konte Miami-Dade dwe konfòme ak Lwa sou Dwa pou Edikasyon ak sou Pwoteksyon Vi Prive Fanmi 1974 la, ki Kodifye nan 20 U.S.C. §1232 g. Kidonk, tout dokiman ki nan dosye edikasyon elèv la, aleksepsyon sa yo ki espesifikman anile yo, aksesib pou paran yo oswa elèv ki kalifye yo.

Enfòmasyon ki idantifye moun pèsonèlman ka transfere bay yon tyès pati, sèlman nan kondisyon yo pap kominike yo bay okenn lòt pati yo san konsantman paran oswa elèv ki kalifye a.

YON FOTOKOPI OTORIZASYON SA A AP VALAB MENM JAN AK ORIJINAL LA